

## Sipòte pitit ou nan Tès NWEA MAP


### Nan Kisa Ou KAPAB Ede




Ede yo ouvri sesyon apèl Teams ak [test.mapnwea.org/#/nopopup](https://test.mapnwea.org/#/nopopup)



Tape Non ak Modpas pwofesè a bay pou Sesyon an



Montre yo kijan pou yo chwazi repons yo oswa klike sou bouton ble a ki ap mennen yo nan kesyon swivan. 



Lè ou klike sou ikòn nan tèt ekran an ki sou bò gòch, kesyon yo ap li awotvwa pou tout elèv nan K-1. Ou kapab montre yo koman pou yo klike sou repons yo epi raple yo pou yo koute byen pandan sesyon an. Gen kèk elèv nan 2èm ak 4èm ane ki kapab genyen kesyon ki li awotvwa tou si yo genyen ikòn ki nan tèt ekran an sou bò gòch.



Chita tou pre yo pou ou asire ke yo rete konsantre epi yo travay di pou montre sa yo konnen. Nan Tès sa pa gen okenn nòt, men lè pitit ou kòmanse, ankouraje yo pou yo fè byen!



Mande pwofesè a èd teknik si ou gen pwoblèm pou ou kòmanse Tès la.

### Nan Kisa Ou PA DWE Ede



Ou **PA KAPAB** chwazi repons pou yo nan Tès la oswa gide yo pou elimine move repons yo. Sonje Tès sa pa gen nòt, se yon Tès pou reflekte konpreyansyon pitit ou.



Ou **PA KAPAB** tradwi, defini, oswa esplike nenpòt mo oswa kesyon sou Tès la. Sonje li pa grav si elèv la poko konnen siyifikasyon kèk mo. Tès sa la pou enfòmè pwofesè yo kijan pou yo kapab bay elèv yo pi bon sipò pandan enstriksyon!



Ou **PA KAPAB** itilize resous adisyonèl pou ou sipòte yo, tankou: telefòn, diksyonè, kalkilatris, elatriye.



Ou **PA KAPAB** li awotvwa si pitit ou pa gen ikòn nan tèt ekran an sou bò gòch. Tanpri pa li okenn pati nan Tès la pou yo.



Ou **PA KAPAB** etenn apèl Teams si pitit ou gen pwoblèm teknik pandan Tès la. Yo dwe rete konekte si yo ta bezwen pale ak pwofesè a. Pwofesè a tou ap kontinye tcheke sou pitit ou pandan Tès la.



Sòf si pwofesè a eksprime sa nan règleman yo, elèv yo pa dwe kite sit entènèt Tès la jiskaske yo fini Tès la konplètman.

**Tanpri konnen ke direktiv sa yo an plas pou pwofesè yo kapab konnen ki sipò ak resous chak elèv yo bezwen!**

*Si ou bezwen resous sipleman tè sou NWEA, si ou bezwen direktiv sou ki jan yo sispan pop-up blockers, tanpri vizite:*

<https://www.osceolaschools.net/Page/5943>